



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REPRESYON KONT FWOD ASIRANS CHOMAJ

*Depatman Travay Eta New York la idantifye plis pase 11 milyon dola nan peman asirans chomaj ki gen fwod nan mwa out la; li sou wout pou jwenn plis pase 110 milyon dola nan avantaj yo vòlè ane sa a*

*DOL pral chèche ranbousman epi sinyale peman ki pa fèt bay fòs lòd yo jan sa nesesè*

*Nouvo teknoloji pou deteksyon fwod fè pati efò modènizasyon kat ane DOL la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi pou fè represyon kont fwod asirans chomaj apre yon investigasyon Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York ki te jwenn plis pase 11 milyon dola nan peman avanaj nan mwa out la. Avantaj sa yo te peye sèlman bay moun k ap travay pandan y ap kolekte pèman asirans chomaj tou pandan pandemi an. Apre investigasyon Depatman Travay la, Gouvènè Hochul te anonse ke Eta a pral chèche ranbousman pou peman avantaj ki gen fwod yo epi sinyale moun ki pa peye yo bay fòs lòd eta a. Dapre investigasyon sa a, Biwo Envestigasyon Espesyal (Office of Special Investigations) Depatman Travay la ap sou wout pou li dekouvwi 110 milyon dola nan avantaj ke yo pran fwodilezman ane sa a.

"Nan pik pandemi an, lè eta nou an te fè eksperyans ak yon kriz chomaj san parèy, reklamasyon asirans chomaj ki gen fwod sa yo te retire resous nan men Nouyòkè ki te bezwen yo plis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap pran mezi pou ranfòse investigasyon nou yo kont fwod asirans chomaj, rann moun ki pran avantaj sou sistèm lan responsab, epi pwoteje avantaj enpòtan sa a pou Nouyòkè ki nan bezwen yo."

DOL te idantifye peman fwod yo lè l sèvi avèk yon sistèm deteksyon fwod modènize. Sistèm nan pèmèt investigatè yo revize ka yo yon fason ki pi efikas epi rasyonnalize demann dosye yo bay patwon yo pou yo ka konfime dat travay yo. Si sistèm nan detekte yon peman ki gen fwod, moun ki fè reklamasyon an gen yon opòtinite pou eksplike diferans lan.

Apre revizyon an, si yo jwenn moun k ap fè reklamasyon an te travay pandan l ap kolekte avantaj yo, DOL pral pran mezi pou asire yo retounen peman ke yo te mal

resevwa yo. Sa gen ladann etabli plan ranbousman, sezi deklarasyon taks eta ak federal yo ak sinyale zafè non peman bay fòs lòd eta ak/oswa federal, jan sa nesesè.

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Lè yon moun ranpli yon reklamasyon asirans chomaj ki gen fwod, y ap vòlè nan men Nouyòkè yo. Depatman an rete vijilan epi l ap kontinye asire ke kriminèl sa yo responsab. Nou remèsye biznis ak patwon yo dèske yo travay avèk nou pou dekouvri fwod yo."

Nouvo sistèm sa a fè pati [efò modènizasyon](#) NYSDOL ki gen ladann yon plan 4 ane pou amelyore eksperyans kliyan yo epi redwi fwod. Nan mwa jen, Gouvènè Hochul te anonse ke NYSDOL nan mwatye plan sa a.

NYSDOL pran angajman pou l asire ke yo anpeche epi korije reklamasyon UI ki gen fwod yo. Pou rapòte fwod UI epi aprann plis vizite paj [Rapòte Fwod](#) la sou sitwèb NYSDOL la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418